Советон Æфсадмæ йæм фæсидтысты 1941 азы, октябры. Службæ кодта инженерон хæйтты, уыдис сапер. Арæзта хъахъхъæнæнады бынæттæ Хуссары, стæй Цæгат Кавказы фронты. 1942 азы архайдта Мæздæджы цур хæстыты. 1943 азы та — Кавказ, Доны облæст, Украинæйы горæттæ æмæ хъæутæ фашистæй ссæрибар кæныныл тохты. 1943 азы 28 сентябрæй 6 октябрмæ сапер Алексей Клиновый стыр ныфс, лæгдзинад æмæ арæхстдзинад равдыста Днепры сæрты не 'фсæдты фаллаг былгæронмæ ласыны рæстæг. Ие 'мбæлттимæ йæ бырæныл Днепрыл баласта 19 сармадзаны, 30 автомашинæйы, 85 тоннæйы хæцæн æрмæг æмæ 1130 æфсæддоны. Уыцы сгуыхтдзинады тыххæй Алексей Клиновыйæн 1943 азы 20 декабры сакkаг кодтой Советон Цæдисы Хъæбатыры ном. 1944 азы архайдта Рахиджарсы Украинæ, Молдавæ, Польшæ сувæгъд кæнынмæ æмæ Берлины райсыны хæстыты.

Партийы рæнхъытæм ист æрцыд фронты. 1945 азы. 1946 азы рацыд æфсадæй æмæ æрцард Ирыстоны. Бирæ азты фæкуыста Нартыхъæуы колхозы.

Алексей Клиновыйæн лæвæрд æрцыд Ленины, Фыдыбæстæйы хæсты ордентæ, бирæ майдантæ.

Ныртæккæ цæры г. Железноводск.

Ермолай КОБЕРИДЗЕ

Коберидзе Ермолай Григорийы фырт райгуырд 1904 азы, 15 апрелы, Гуырдзыстоны Цхмарийы хъæуы, зæхкусæджы хæдзары. Саби ма уыд, афтæмæй йæ ныййарджытимæ цæрынмæ æрбацыд Мæздæгмæ. Ам ахуыр кодта райдайæн скъолайы, стæй куыста колхозы. 1922 азы бацыд Грозныйы, стæй та Владикавказы хæстон курсытæм. 1924 азæй 1926 азмæ ахуыр кодта Кремлы æфсæддон скъолайы. Уый фæстæ службæ кодта фистæгæфсæддон хæйттыл. 1926 азы бацыд ÆК (б) П-йы рæнхъытæм. Фыдыбæстæйы Стыр хæст æй æрæййæфта Литвайы. Уыдис мото-æхсæг полчъы командир. Фыццаг бонты уæззау хæстыты йæхи равдыста ныфсджын æмæ æвæджиауы арæхстджын командирæй. 1942 азы Коберидзейы сæвæрдтой æхсæг дивизийы командирæй. Дивизи фесгуыхт Украинæ, Белорусси, Польшæ сувæгъд кæныныл хæстыты. 1944 азы 27 июлæй 15 августмæ инæлар-майор Коберидзейы дивизи æнтыстджынæй бахыхт цæугæдон Вислæйыл æмæ æрфидар йæ фаллаг былгæрон. Уый фæрцы Белоруссийы фронты 69-æм æфсадæн фадат фæцис размæ абырсынæн. Коберидзейы уыцы сгуыхтдзинадæн 1945 азы, 6 апрелы Советон хицауад скодта аккаг аргъ — радта йын Советон Цæдисы Хъæбатыры ном. Уый ма архайдта Вислæ—Одеры хæстыты, Берлины тохты.

Хæсты фæстæ, 1948 азы, каст фæци Генералон штабы хæстон академи. Ие лæгдзинад, йæ хæстон арæхстдзинад æмæ курдиаты тыххæй Ермолай Коберидзейæн лæвæрд æрцыд Ленины, Сырх Тырысайы фондз æмæ Суворовы ордентæ, бирæ майдантæ.

1961 азы рацыд æфсадæй. Цард æмæ куыста Тбилисы. Ие рох кодта йæ мæздæггаг æмдзæхонты.

КЪОБЫЛТЫ Сергей

Къобылты Сергей райгуырд 1915 азы, 22 ноябры, Къобы цæрæг, фосдарæг Къобылты Къостайы хæдзары. Ахуыр кодта Владикавказы астæууккаг скъолайы. 1936 азы иттæг хорз каст фæци г. Батайскы авиацион скъола. Инструкторæй куыста Цхинвалы æмæ Сталинграды аэроклубты. 1939 азы бацыд ÆК (б) П — йы рæнхъытæм.

Советон Æфсады уыдис 1941 азæй фæстæмæ. Уыцы аз августы хæцын райдыдта немыцаг фашисттимæ. Иæхи равдыста хъайтар тæхæрæй. Æдæрсон, арæхстджын уыдис уæлдæфон хæстыты. Архайдта Ростовы, Сталинграды сæрмæ карз тохты. 1942 азы сентябрмæ æрæппæрста знаджы 9 хæдтæхæджы. 1942 азы апрелы йе 'мбæлтты къордимæ ныббырста фашистты аэродроммæ æмæ сын ныппырх кодтой сæ 13 хæдтæхæджы. Ие лæгдзинады тыххæй йын Советон Цæдисы Хъæбатыры ном рад той 1943 азы, 14 февралы.

1943 — 1945 азты Сергей æвæджиауы арæхстджынæй архайдта Курскы, Смоленскы, Белоруссийы, Прибалтикæйы тохты. Хæсты азты Сергей йæхæдæг æдæппæтæй æрæппæрста 16 хæдтæхæджы, йе 'мбæлттимæ та — 6.

Иæ æгæрон ныфс, йæ нæртон лæгдзинады тыххæй Сергейæн лæвæрд æрцыд Ленины, Сырх Тырысайы ордентæ, майдантæ.

Фыдыбæстæйы Стыр хæсты фæстæ дæлбулхъон Къобылы - фырт уыдис авиацион полчъы командир. Хорз базыдта реактивон авиаци. Фæлвæрдта иог хæдтæхджынтæ, 1954 азы июны уæлдæфы æрцыд фыдбылыз æмæ фæмард. Стыр кадимæ йæ бавæрдтой г. Орджоникидзейы. Иæ номыл нæ уынгæ

Василий КОНЯХИН

Коняхин Василий Дмитрийы фырт райгуырд 1923 азы, 7 январы, Владикавказы, хъазахъхъар бинонты æхсæн. Каст фæци 7-æм скъола æмæ Орджоникидзейы аэроклуб. 1941 азы мартъийы Василийы арвыстой Краснодары хæстон - авиацион скъоламæ. Хæцæг æфсады уыдис 1943 азæй фæстæмæ. Тæхæг - истребителæй фашисттимæ тох кодта Волховы, Ленинграды, Прибалтикæйы, Белорусийы фронтты. Равдыста лæгдзинад, ссис номдзыд тæхæг. 1943 азы бацыд СЦКП-йы рæнхъытæм. Фыдыбæстæйы Стыр хæсты рæстæг знаджы дæрæн кæнынмæ атахт 227 хатты, архайдта 62 уæлдæфон хæсты, æрæппæрста фашисты 17 хæдтæхæджы. Ие сгуыхтдзинæдты тыххæй 1945 азы, 18 августы, Василий Коняхинæн саккаг кодтой Советон Цæдисы Хъæбатыры ном.

1945 азы майор В. Коняхин рацыд æфсадæй. Бирæ азты дæргъы куыста г. Орджоникидзейы партион æмæ хæдзарадон куыстыты.

Иæ хæстон æмæ фæллойадон сгуыхтдзинæдты тыххæй йæ схорзæхджын кодтой Ленины, Сырх Тырысайы, Фыдыбæстæйы хæсты, Сырх Стъалыйы, «Кады нысан» ордентæй, майдантæй.

1988 азæй фæстæмæ Василий ис пенсийы. Фæлæ зæрдиагæй архайы фæсивæды хæстон-патриотон æмæ интернационалон хъомылады. У республикæйы хæсты æмæ фæллойы ветераны советы уæнг. Æрæджы æвзæрст æрцыд Терчы хъазахъхъæгты Владикавказы Чысыл ыллы атаманæй. Разæнгардæй архайы хъазахъхъæгты

Григорий КОРНЕЕВ

Григорий Иваны фырт Корнеев райгуырд 1902 азы Воронежы облæсты, Воробьевкæйы хъæуы. Уым каст фæцис астæууккаг скъола. 1928 азы Сырх Æфсады рæнхъыты ахицæн йæ службæ, æмæ æрцард Цæгат Ирыстоны. Куыста «Цæгкавпромарæзтад»-ы, Орджоникидзейы консервгæнæн заводы, партийы райкомы хъуыддæгтæ арæзгæй. СЦКП-йы рæнхъытæм бацыд 1929 азы.

1941 азы октябры йæм фæсидтысты Сырх Æфсадмæ. Хæцæг æфсады уыдис 1942 азы июлæй фæстæмæ. Ротæйы политрук Григорий Корнеев фыдгултимæ хъæбатырæй тох кодта Сталинграды бынмæ, Украинæйы горæттæ æмæ хъæутæ сувæгъд кæныныл хæстыты. 1943 азы 25 октябры, батальоны командиры хæдивæг уæвгæйæ, Г. Корнеев æфсæддонты къордимæ бахыхт Днепры сæрты æмæ æрбынæттон йæ галиуварс. Фашисты ныббырстытæн ныхкъуырд дæттæйæ, ныццагътой знаджы 43 салдаты æмæ афицеры. Фæуæрæхдæр кодта йæ хæцæн бынат æмæ лæбурджыты урæдта полчъы фæзындмæ. Уыцы сгуыхтдзинады тыххæй йын 1944 азы 19 мартийы лæвæрд æрцыд Советон Цæдисы Хъæбатыры ном. Капитан Г. Корнеев уыдис горæтæ Никополь, Николаев, Одессæ сувæгъд кæныныл тохты.

1944 азы 21 майы хъæбатырæй фæмард Днепры рахиджарсы карз хæсты. Баныгæдтой йæ г. Дубоссарыйы æфсымæрон ингæны.

Ие сгуыхтдзинæдты тыххæй ма йæ схорзæхджын кодтой Ленины æмæ Сырх Стъалыйы ордентæй, майдантæй.

Дубоссарымæ хæстæг, Днепры быляхъхъ

ÆРДЗЫ ЛÆВАР

ЦАСУ АДÆИМАДЖЫ БОН? ЙЕ 'РДЗЫХЪÆДЫ ЦАВÆР СУСÆГ ТЫХТÆ ÆМБÆХСТ ИС?

Зындгонд горæт-паддзахад Трояйæн йæ хъысмæт конд уыд. Фæлæ йæ цæрджытæ ницы хатыдтой, ницы æнкъардтой. Паддзах Приам, йæ ус Гекубæ сæ фæндзай фырты æмæ цыппор фараст чызгимæ сæ рæстæг æрвыстой куывдты æмæ æндæр хъæлдзæгдзинæдтыл. Фырт æй Гекто æппынтæн арæзта æфсæддон ерыстæ. Парисы уыдонмæ не 'вдæлд. Бердзентæй цы рæсугъд Еленæйы раскъæфта, уыимæ сæ æгъдауы бындурыл кæд баиу кæйдзысты, уæдмæ æрхъæцмæ нал лæууыд.

Æрмæст иунæг Кассандрæ — Приамы фæндзайæм чызг — зыдта æппæт дæр æмæ тыхст, уыд æнæнцой, худын, кафын æм нæ цыд, йæ зæрдæ рыст, мæтъæлæй бадт æдзухдæр. Зыдта, горæтæн бирæ цæрæнбон кæй нал баззад, уый. Зыдта цæмæйдæр, — æрдз ын иннæтæй уæлдай цы æбæрæг хъомыс радта, уый фæрцы. Зонынджын уыди, фæлæ йæ ныхæстыл нычи æууæндыд. Худæгæй йыл сæхи хастой. Æмæ дзæгъæлы уыдысты йæ митæ, йæ фæлварæнтæ Троя бынсæфтæй ферхæзын кæныныл: йæ лæгъстæтæ Парисæн, Еленæимæ къайад ма скæн, зæгъгæ, бердзентæ горæтмæ æввахс цы хъæдын бæх ныууагътой, уый мидæмæ ласын нæ уагъта — йæ фыдбылыз ын банкъардта...

Зонынджын уыди Кассандрæ. Æрдз ын стыр лæвар ракодта, фæлæ дзы йæ алыварс цыбыргæнд, æппæлæт адæм не стайда кодтой. Зонынджын уыд Санаты Сем дæр. Цард 200 азæй фылдæры размæ. Адæмы уырныдта: цы зæгъа, уымæн æнæ 'рцæугæ нæй. Уымæн æмæ йæ царды бавæрстой. Цы бæллæх-ну æрцыд, уыйну рагацау загъта. Гуыбынмæ зыдта, йæхибар чи нæ у, уымæн лæппу гуырдзæн æви чыз. Бирæ таурæгътæ, æмбисæндтæ æмæ базырджын ныхæстæ баззад Семæй: «Æндахы хуызæн уыдзæн къæцælтыл æмæ дзырд хæсдзæн, цы йæ хондзысты, уый нæ зонын». «Ахæм фæлтæр уыдзæн, æмæ адæймаг базырджынæй тæхдзæн». «Хæдтулгæ уæрдон уыдзæн». «Лæппу-дзураг æмæ чызг-æфсины рæстæг æрцæудзæн» æмæ æндæртæ.

Абон дæр ма бирæтæ хъуыды кæны Урстуалты Астæууккаг Ерманы цæрæг Бығуылты Сандройы. Уый дæр зонынджын уыд. Ие цæстæнгасæй, ныхас æмæ къухты хъармæй, кæрдæджытæй хорзы бирæ рыбаххуыс кæныныл. Сослан зындгонд инæлар Цæголты Кимимæ Афганистаны хæсты уыд. Уый æххуысæй йын йæ сæр хъуамæ операци скодтаиккой мæскуыйаг дохтыртæ. Уыцы фæндонмæ дæр Фатимæ акаст уазал цæстæй.

Сæ хойы ахæм ахаст нæ цыд мадызæнæджы зæрдæмæ. Бамбæрстой йæ, æвирхъау хабар куы æрцыд, уый фæстæ — йæхæдæг сын раргом кодта йæ сусæгдзинад. Æнæуый дæр цыдæр æнкъардтой. Сæ хойы адæм æппæтзонæг кæй хонынц, уый хъусынц, уынынц, адæмы куыд дзæбæх кæны, уый. Зонынц: уыцы хъару йын сæ фыдымад Аникъойæ кæй баззад. Уый дæр дзæвгар дзыллæйæн бацыд бирæ хæрæты. Фæлæ Фатимæмæ уыйбæрц стыр хъомыс ис, æрдз ын ахæм ахадгæ læвар ракодта, зонынджыны æцæг миниуджытæ йæм ис, уымæ уæлæнгай цæстæй кастысты.

Фатимæ райгуырд Хуссар Ирыстоны Чеселты хъæуы. Тыджыты Никъолоз æмæ Челæхсаты Женяйæн. Рæсугъд æмæ алæмæты æрдзы хъæбысы æрæнцад йæ райгуырæн хъæу. Алцæмæй дæр æй фæхайджын кодта дунескæнæг. Хъæдæмбæрзт рæгътæ, хъæдабæ æрдугътæ, хъугæмттæ, цъæхдзаст сатæг суадæттæ æмæ цæссыджы хуызæн сыгъдæг хæххон цæугæдæттæ. Æмæ цынæ кæрдæг, хъæддаг дыргъ, гагадыргъ зайы хъæуы алыварс. Æвзонг чызг дзы йæ фыдымад Аникъоимæ алыхуызон хосгæнæн кæрдæджытæ, уидæгтæ агурæг 'цы къуым нæ басгæрста, кæцы рагъæй нæ ракаст, ахæм нæ баззад. Хæххон æрдз, хъæддаг цæрæгойтимæ фембæлд, æрдзон фæзындтыты фенд баззад йæ зæрдæйы, мысинæгты. Æмæ куыннæ! Хæхбæсты арвæрттывд, арвырон дæр æндæрхуызон сты, цæстытæ сæм нæ лæууынц, арвынæрдæй хъустæ къуырма кæныныл, мæйрухс æхсæвтæ аргъæутты дзуринаг сты, дидинджыты æмæ кæрдæджыты хæрздæф æмбуалæнтæ хъыдын кæны, хъæддаг цæрæгойтæ адæммæ æввахсдæр цæуынц.

Æмæ цынæ кæрдæг зайы Чеселты хъæуы алыварс. Фатимæ сæ зоны номæй номмæ. Æцæг гуырдзиагау. Йæ фыдымад гуырдзиаг уыд, иронау сыгъдæг дзырдта, æрмæст сын кæрдæджыты нæмттæ базонын нæ бантыст. Хуыдта сæ, сæхимæ Чъехы сæ куыд фехъуыста, афтæ. Афтæ сæ базыдта Фатимæ дæр.

Аникъо йæ бирæ цоты по-

кæрдæджытæй хостæ лæвæрдта. Низæфхæрд буарыиу йæ къух куы аввæрдта, уæд-иу рынчынæн фенцондæр. Иæхæдæг дæр æй нæма æмбæрста, афтæмæй сын гипноз æмæ парапсихологийы фæрцы, йæ армытъæпæнты хъармæй, йæ амынддзинæдтæ, йæ ныхæстæй сæ низтæ сырдта. Иæ миддунейы æбæрæг ногдзинæдтæ гом кодта йæхицæн дæр. Цыдæр хуызы æнкъарын райдыдта низы ахаст, йæ бон æй сдзæбæх кæныи у, æви нæ, рын чыны зæрдæйы хъынцъым, йæ миддуне. Сæ уды конд, сæ утæхсæн сын-иу сæхи цур куы радзырдта уæд-иу дисы бахаудысты. Иæ æнкъарæнтæ-иу æй цæргæсау ахастой, æххуысагур æм цыадæм цыд, уыдоны ивгъуыд азты æмæ фидæны сæрты. Уыдта сæ æргом. Куыдæй, уый абон дæр нæ хаты æмæ йæхиуыл абондæр кæны дис. Æмдзæвгæтæ фыссын дæр уæд райдыдта, йæ уацтæ фæзындысты газет «Советон Ирыстон»-ы. Иæ мидæнкъарæнтæ йæ хастой æрдзы хъæбысмæ, мæйрухс æхсæвтæм. Æмæ зылд Хуссар Ирыстоны кæмтты, историон æмæ удварны культурæйы цыртдзæвæнтыл, кувæндæттыл.

Фатимæ уыцы азты къæссавæлдæхт фæци. Раздæры хъæлдзæг æмæ æнæмæт чызг фæмадзура, йæ цæстыты арф хъуыдыйы фæд фæзынд. Иуæй йæ адæмæн лæггад кæнын фæндыд, иннæмæй та сæ фæлмæцгæ кодта. Æрыгон уæвгæйæ йæ æппæтзонæг зæронд усы бынаты кæй сæвæрдтой, уый йæм хардзау каст.

Æрыгон чызг банкъардта уарзондзинады ад дæр. Иæ зæрдæ æхсайдта, Зары хъæуы кæнмæ ахуыр кодта, ахæм лæппумæ. Фæлæ иуахæмы, йæ фидæны цардыл хъуыды кæнгæйæ, йæ цæстыты раз сæвзæрд æндæр, æцæгælон лæппуйы сурæт. Чызг фæуыргъуыйау: ау, йæ хъысмæт æндæр у, йæ цардцæрæнбонты кæй нæма федта, ахæм!

Дыууæ Иры 'хсæн тъунелы арæзтад уыд йæ тынгыл, æмæ цинайраст ныджыты бафæндыд, алы ирон æн дæр ахсджиаг чи уыд, уыцы арæзтад фенын. Фæлæ бацыд кодтой Руччы æфцæгмæ. Ам тъунелмæ бахизæны уайтагъд ауыдта, дунейы фарн ын кæй сныв кодта, цалдæр мæйы размæ йæ цæстыты раз кæй сурæт сыстад, уый — Уæллаг Руччы цæрæг Томайты Сергейы. Лæппу дæр æй бафиппайдта, æввахс æм æрбацыд, базонгæ сты. Æмæ... Абон сты ну биноитæ. Цæрынц горæт Орджоникидзейы

ны рæстæг. Ие мбæлттимæ йæ бырæнын Днепрыл баласта 19 сармадзаны, 30 автомашинæйы, 85 тоннæйы хæцæн æрмæг æмæ 1130 æфсæддоны. Уыцы сгуыхтдзинады тыххæй Алексей Клиновыйæн 1943 азы 20 декабры саккаг кодтой Советон Цæдисы Хъæбатыры ном. 1944 азы архайдта Рахизфарсы Украинæ, Молдави, Польшæ сæрæгъд кæныныл æмæ Берлин райсыныл хæстыты.

Партийы рæнхъытæм ист æрцыд фронты, 1945 азы. 1946 азы рацыд æфсадæй æмæ æрцард Ирыстоны. Бирæ азты фæкуыста Нартыхъæуы колхозы.

Алексей Клиновыйæн læвæрд æрцыд Ленины, Фыдыбæстæйы хæсты ордентæ, бирæ майдантæ.

Ныртæккæ цæры г. Железноводскы.

27 июлей 13 августмæ иæ лар-майор Коберидзейы дивизи æнгыстдзыннæй бахыст цæугæдон Вислæйыл æмæ æрфидар йæ фаллаг былгæрон. Уый фæрцы Белорусси фы фронты 69-æм æфсадæн фадат фæцис размæ абырсынæн. Коберидзейы уыцы сгуыхтдзинадæн 1945 азы, 6 апрелы Советон хицауад скодта аккаг аргъ — радта йын Советон Цæдисы Хъæбатыры ном. Уый ма архайдта Вислæ—Одеры хæстыты, Берлиныл тохты.

Хæсты фæстæ, 1948 азы, каст фæци Генералон штабы хæстон академи. Иæ лæгдзинад, йæ хæстон арæхстдзинад æмæ курдиаты тыххæй Ермолай Коберидзейæн læвæрд æрцыд Ленины, Сырх Тырысайы фондз æмæ Суворовы ордентæ, бирæ майдантæ.

1961 азы рацыд æфсадæй. Цард æмæ куыста Тбилисы. Иæ рох кодта йæ мæздæггаг æмзæххонты.

Амард 1974 азы, 12 июлы. Бавæрдтой йæ Тбилисы.

той 1943 азы, 14 февралы.

1943 — 1945 азты Сергей æвæджиауы арæхстджынæй архайдта Курскы, Смоленскы, Белорусси йы, Прибалтикæйы тохты. Хæсты азты Сергей йæхæдæг æдæппæтæй æрæппæрста 16 хæдтæхæджы, йе 'мбæлттимæ та — 6.

Иæ æгæрон нысфс, йæ пæрсон лæгдзинады тыххæй Сергейæн лæвæрд æрцыд Ленины, Сырх Тырысайы ордентæ, майдантæ.

Фыдыбæстæйы Стыр хæсты фæстæ дæлбулкъон Къобылы - фырт уыдис авиацион полчъы командир. Хорз базыдта реактивон авиаци. Фæлвæрдта ног хæдтæхджыты. 1954 азы июны уæлдæфы æрцыд фыдбылыз æмæ фæмард. Стыр кадимæ йæ бавæрдтой г. Орджоникидзейы. Иæ номыл ис уынгтæ Орджоникидзе æмæ Цхинвалы.

Иæ хæстон æмæ фæллойадон сгуыхтдзинæдты тыххæй йæ схорзæхджын кодтой Ленины, Сырх Тырысайы, Фыдыбæстæйы хæсты, Сырх Стъалыйы, «Кады нысан»-ы ордентæй, майдантæй.

1988 азæй фæстæмæ Василий ис пенсийы. Фæлæ зæрдиагæй архайы фæсивæды хæстон-патриотон æмæ интернационалон хъомылады. У республикæйы хæсты æмæ фæллойы ветеранты советы уæнг. Æрæджы æвзæрст æрцыд Терчы хъазахъхъæгты Владикавказы Чысыл зыльды атаманæй. Разæнгардæй архайы хъазахъхъæгты хуыздæр æгъдæуттæ сног кæныныл.

æрбынæттон йæ галиуварс. Фашисты ныббырстытæн ныхъуырд дæттæйæ, ныццагътой знаджы 43 салдаты æмæ афицеры. Фæуæрæхдæр кодта йæ хæцæн бынат æмæ лæбурджыты урæдта полчъы фæзыдмæ. Уыцы сгуыхтдзинады тыххæй йын 1944 азы 19 мартийы лæвæрд æрцыд Советон Цæдисы Хъæбатыры ном. Капитан Г. Корнеев уыдис горæттæ Никополь, Николаев, Одессæ сæрæгъд кæныныл тохты.

1944 азы 21 майы хъæбатырæй фæмард Днепры рахизфарс карз хæсты. Баныгæдтой йæ г. Дубоссарыйы æфсымæрон ингæны.

Ие сгуыхтдзинæдты тыххæй ма йæ схорзæхджын кодтой Ленины æмæ Сырх Стъалыйы ордентæй, майдантæй.

Дубоссарымæ хæстæг, Днепры былгæрон, Григорий Корнеевы кадæн æвæрд æрцыд танк-цыртдзæвæн.

КУЛЬТУРОН-РУХСАДОН КУСÆНДÆТТЫ

ÆМÆ ТА РАЙХЪУЫСТ ХÆХТÆЙ ЗАРÆГ

Куыд зонæм, афтæмæй ма ку 10 — 20 азы размæ дæр нæ республикæйы хæххон районты культурон-рухсадон куыст цыд нывыл. Дымгæ ну хæхтæй рахаста æрзæткъахджыты зарæг æмæ-ну анхъæвзта кæмтты, быдырты... Дардыл хъуыстгонд уыд Садоны здыйы- цинчы комбинаты хæдахуыр артисты ансамбл. Фæлæ фæстæдæр, хъыгагæн, хъуыддаг цæхгæр февзæрдæр. Бамынæг культурон-рухсадон куыст Уæлладжыры комы. Уымæн, кæй зæгъын æй хъæуы, уыд бирæ алыхуызон аххосæгтæ. Сæ иу уыд ахæм: хæххон хъæуты адæмы нымæц чысылæй-чысылдæр кодта. Анвадмæ никæйуал æвдæлд...

Куыд цæуы ныртæккæ куыст культурæйы къабазы Уæлладжыры комы хæххон хъæууон клубты? Цæмæй тыхсынц? Куыд ис куыст фæхуыздæр кæнæн? Ацы æмæ ма æндæр фарстатæ базонны тыххæй æрæджы бабæрæг кодтон Алагиры районы цалдæр хæххон культурон-артдзæсты.

Æрзæткъахджыты поселок Уæллаг Джыд. Уалдзæджы, стæй ма дзы суанг сæрды дæр хаттæй-хатт мит дæр рауары. Мæ бацыд дæр миты тыфылты рауардимæ бану. Бабæрæг кодтон клуб (йæ сæргълæуæг Хуыбаты Надя). Поселочы цæрджыты ныхасмæ тæссæ ам «фездухынц» æрмæст киноныватæ. Ис ма дзы бильярд дæр. Æмæ кусджытæ сæ куысты рады фæстæ ам сæхи æнæбары фæирхæфсынц. Гъе, уый уын клубы разамынды «культурон-рухсадон куыст».

Рæвдздæр цæуынц хъуыддæгтæ Садоны 26 бакуйаг комиссарты номыл культурæйы артдзæсты (йæ сæргълæуæг Хъайтыхъты Джульеттæ). Æрзæткъахæны партхомы секретарь Гуыбаты Мурат мын уый тыххæй радзырдта:

— Клубы куыст фæрæвдздæр. Фæзынд дзы æрхуы музыкалон инструменты оркестр (йæ разамонæг Николай Бабиков). Клубы зымæг уазал нал вæййы. Цалцæггонд æрцыд хъармгæнæн системæ. Алы сабат дæр дзы вæййынц хъазтизæртæ. Фæскомцæдисон комитеты секретарь Битарты Тотрадзы хъæппæрисæй нæм арæзт æр цыд вокалон-инструменталон къорд дæр (йæ разамонæг Гагкайты Славик). Профкомы нын зæрдæ бавæрдта алыхуызон техникæ балхæнынæй дæр.

— Æрзæткъахæны разамынд (хицау Хлойты Хъазыбег) нæм йæ хъус хорз дары, — айста ныхас йæхимæ Джульеттæ. — Кæддæриддæр нæм æнæзивæгæй фæкæсы цалцæг кæнынмæ. Уæдæ нæм Мызуры комбинаты 'рдыгæй дæр хорз цæстдард ис (профкомы сæрдар Гæлæуты Таймураз). Цæлхдуртæ дæр куыд нæ ис нæ куысты. Зæгъæм, нæй нæм фаг къордты разамонджытæ. Фæлæ сæйрагдæр та, фæсивæд нæм кæй нал ис, уый у.

Мæ балц дарддæр уыд Мызуры æрзæткъахджыты культурæйы артдзæстмæ (йæ сæргълæуæг Уырымты Дибæ). Раст куы зæгъон, уæд æппæты тыngдæр мæ зæрдæ ацы ранæй барухс. Кусгæ бон фæци, афтæ бафтыдтæн клубмæ. Æмæ раст, цыма, исты бæрæгбон уыд, афтæ зæрдиагæй архайдтой алы къордты архайджытæ (къордты архайджытæ ластой Садонмæ концерт). Хæдахуыр артисттæ сæ «куыст» кодтой зæрдиагæй.

Ныртæккæ нæ республикæйы хъисынфæндырыл чи цæгъды, уыдоны нымæц къухы æнгуылдзтыл банымайæн ис. Афтæмæй та уый у ирон адæмы культурæйы зынгæдæр хай. Æмæ ма нæм чи ис, уыдоны хъæуы хъахъхъæнын. Стæй хъуамæ уыдон сæ дæсныйад дæттой кæстæртæн. Уый тыххæй та хъуамæ уа инструмент — хъисынфæндыр. Аразын хъæуы республикон æркастытæ хъисынфæндырыл цæгъддзыстæн. Ацы хæдзиаг фарстамæ хъуамæ læмбынæг æркæсой, культурæйы фарстатыл дзуапп чи дæтты, уыцы разамонджытæ. Науæд, мæнæ не 'взагимæ куыд рауад, афтæ та рауайдзæн. Æмæ та уый фæстæ талф-тулфай исты мадзæлттæ агурдзыстæм. Мызуры хихъæппæрисадон клубы ис, хъисынфæндырыл чи цæгъды, ахæм адæймаг — Темыраты Харитон. Федтон æй. Фæлæ... Фæлæ Харитон хъисынфæндырыл нæ цагъта. Иæ инструмент уыд — скрипкæ. Кæй зæгъын æй хъæуы, скрипкæйыл дæр ис ацæгъдæн, фæлæ йæ «ад» уымæн æндæр у.

Ацы хæдзиаг фарстайы тыххæй ма нæ газет раздæр дæр фыста, цалдæр азы размæ фабрик «Терчы» йæ директор Бæдтиаты Гришæйы хъæппæрисæй арæзт æрцыд дыууадæстæнон æмæ далафæндыртæ. Гришæ ссардта æрмдæсныгæ. Фæлæ йæм, хъыгагæн, Культурæйы министрады 'рдыгæй фаг хъусдард не 'рцыд. Хъуыддаг бамынæг. Æмæ ныр уыцы хæзнатæ музейы экспонатты хуызæн æнæхъуаджы læуынц директоры кусæн уаты. Гъе уый та уын нæ уарзондзинад нæ культурæмæ.

— Горæты мын чидæр зæрдæ бавæрдта хъисынфæндыр саразынæй, — загъта клубы сæргълæуæг. — Æмæ кæд хъуыддаг фæрæстмæ уаид.

— Нæ куыст ныртæккæ, мæнмæ гæсгæ, фæрæвдздæр, — дзырдта дарддæр Дибæ. — Ныртæккæ нæм кусы цалдæр къорды. Уыдонæй ну у фольклорон ансамбль «Сатана». Иæ программæйы ис «Ирон чындзæхсæв». Нæ хъуыдымæ гæсгæ уый стыр пайда у кæстæртæн. Уый руаджы нæ фыдæлты рæсугъд æгъдæуттæ рохгонд нæ цæуынц. Уымæй уæлдай 'нæм ис зарæггæнджыты къорд (солисттæ Черчесты Бисо æмæ Григорий, стæй Æгъуызарты Дуся), уырыссаг фольклорон ансамбль «Луч» (йæ разамонæг Линæ Благоторенко, хормейстер Хуыдæлты Азæ, кæфтытæ æвæрæг Таматы Хъазыбег) вокалон къорд (йæ разамонæг Абайты Sælинæ) æмæ æндæртæ. Нæ къордты архайджытæ сты кусджытæ, дохтыртæ, ахуыргæнджытæ, инженертæ, ахуырдзау фæсивæд.

Зын уыд, кæй зæгъын æй хъæуы, фыццаг рæстæг се 'рæмбырд кæнын. Фæлæ мæхæдæг хæдзари-хæдзар фæзылдтæн. Фембырд сæ кодтон. Æмæ сæ ныр алчидæр зæрдиагæй архайы. Уый нæ, фæлæ ма хистæртæ сæ кæстæрты дæр разæнгард кæнынц.

Æнæлытгонд фарстатæ? Уыдонæй дæр хъуырмæ стæм. Техникæ, инструмент нæм алцыдæр фаг ис. Фæлæ, фыццаджыдæр, клуб дзуапп нал дæтты ныртæккæйы домæнтæн. Иæ бандæттæ—æрдæгсæстытæ, бынат нæм кæй нæй, уый аххосæй нæ репетицитæ фæкæнæм фойейы. Цалдæр азы курын, цæмæй клуб уæрæхгонд æрцæуа. Ныр нæ пъланмæ бахастой, æмæ хъуамæ уавæртæ фæхуыздæр уой. Вæййынц нæм фæлладуадзæн изæртæ. Иу дзырдæй, архайæм, цæмæй кусæг кълас, поселочы иннæ цæрджытæ æнкъард ма уой...

Куыд федтам, афтæмæй та, æцæгæй дæр Уæлладжыры комы культурон-рухсадон куыст йæ бынатæй фенкъуысыд. Æмæ зæрдæдарæн ис, хæхтæй кæддæриддæр хъæлдзæг зарджытæ кæй хъуысдзæн, уыл.

ЦОМАЙТЫ Ростислав,
«Рæстдзинад»-ы сæрмагонд уацхæссæг.

Æхсæвæр æхсайдта, Зары хъæуы кæнынæй æхсайдта, Зары хъæуы кæнынæй ахуыр кодта, ахæм йæ фидæны цардыл хъуыды кæнгæйæ, йæ цæстыты раз сæвзæрд æндæр, æцæгæлон лæппуйы сурæт. Чызг фæуыдзæн, æмæ ахуыргæнæг уыдзæн, æмæ æхинвайлаг чызджыты бафæндыд, алы ирон æвзаджы æхсджиаг чи уыд, уыцы арæзтад фенын. Рабалц кодтой Ручъы æфцæгмæ. Ам тъунелмæ бахизæны уайтагъд ауыдта, дунейы фарн ын кæй сныв кодта, цалдæр мæйы размæ йæ цæстыты раз кæй сурæт систад, уый — Уæллаг Ручъы цæрæг Томайты Сергейы. Лæппу дæр æй бафиппайдта, æвваxс æм æрбацыд, базонгæ сты. Æмæ... Абон сты ну бинонтæ. Цæрынц горæт Орджоникидзейы Калойы-фырты уынджы. Ис сын дыууæ цардбæллон фырты æмæ ну чызг. Лæппутæ скъоладзаутæ сты, кæстæр радиотехникæмæ æмхиц у, хистæрæн йæ уд, йæ дзæцц у аивад — музыкæ æмæ театр. Скъолайы фæстæ сихор нæма скæны, афтæ ирон театры балæвыы. Артисты ну фенд дæр ын æхсызгондзинад хæссы.

Фæрнæйдзаг хъуыддæгтыл хæст сты Томайты бинонтæ. Адæмæн лæггад кæнынæй нæ фæллайы Фатимæ. Цæуынц æм дыууæ Ирæй алы рæтæй. Кæрдæджытæй, æндæр алы мадзæлттæ æмæ фæрæстæй сæ дзæбæх кæны ахсæнæй. тъæнгты, игæры низтæй, дыууадæс бонмæ сæ ноат ныуадзын кæны нудадзыг расыггæнджытæн, сисы сæры, къæхты, уæнгты рыст.

— Сæры рыст каркыл бафтауын, фæлæ уæнгты рыст, æвæццæгæн, рæстæгмæ мæхимæ рацæуы æмæ мæ бон цайы агуывзæ сисын дæр нал вæййы. Цæмæн афтæ кæнын, уый тыхæй ныффыстон Джуна Давиташвилимæ. Агуырдтон дзы амыддзинæдтæ. Дæхи хъахъхъæн, зæгъгæ, мын дзуапп радта. Куыдæй? Адæмы рис мауал æмбарон, мауал сын хос кæнон? Æмæ зæрдæ бауромдзæн рынчыны зынджинад. Уæлдайдæр, куы зонай: дæ бон ын бахъуыс кæнын у, уæд — мæтгæнгæ дзырдта Фатимæ.

Тыхсы адæмон хосгæнæг, зонынджын Фатимæ алкæмæн йæ бон баххуыс кæнын кæй нæ вæййы, йæ æрдзон læвараеы кæд раст æмæ æххæстæй нæ пайда кæны, адæмы 'хсæн хæрамдзинад тауæг тыхтæ фылдæрæй-фылдæр кæй кæнынц. Хуссар æмæ Цæгат Ирæн сæ сыхæгтимæ сæ уавæртыл, кæрæдзи кæй нал æмбарынц, уыл, фидæны зынджинæдтыл.

ЦГЪОИТЫ Хазби.

ÆНЦОЙБОНЫ ФАРС

РАДЗЫРД

ДЕПУТАТЫ БЛОКНОТ

Адæймаджы цардыбирæ хабæрттæ, цаутæ æрцæуы. Уыдонæй дзы нутæ тагъд æрбайрох вæййынц, иннæтæ та цæрæнбонтæм баззайынц йæ зæрдæйы.

Ахæм æнæферохгæнгæ цаутæ бирæ æрцыд мæныл дæр. Радзурдзынæн дзы нуы тыххæй. Рацыданд ыл ну ссæдз азмæ æвваxс. Фæлæ ма йæ уæддæр абоны хуызæн хъуыды кæнын.

Цæвиттон, нæ хъæуы æндæр ницуал кой уыд, адæм кæрæдзимæ хæрзæггуæрггаг згъордтой. Абон, дам, нæм фæссихор æрцæудзæн, айразмæ сæ хъæлæстæ æмхуызонæй кæуыл радтой, уый — нæ республикæйы Сæйраг Советы депутат, «Фæлхасцæдис»-ы сæрдары хæдивæг Æрцойты Никъалайы фырт Будзи.

Адæм æмгуылфæй цыдысты æмæ цыдысты хъæууон клубмæ. Бирæтæм дзы бандæттæ дæр нал æрхауд. Мах дæр, цыппæрæм къласы læппутæ, цалдæрæй тыххæй-фыдтæй банрвæзтыстæм клубмæ.

Мæнæ трибунæйы цурмæ рахызт асæй рæстæмбис, тыппыртæарæзт, хæмпус цæсгом læг. Хъæуы цæрджытæ базыдтой сæ депутаты. Сарæзтой йын тыхджын къухæмдзæгъд. Уый йæ цыллæ къухмæрзæнæй йе 'ставд бæрзæйы хид асæрфта, бæзджын æрфгуыты бын цы цъæх-цъæхид цæстытæ разгъор-базгъор кодтой, уыдон хъавгæ æрхаста адæмыл, аразгæ хуыфт скодта æмæ ивазгæ хъæлæсæй райдыдта йæ ныхас:

— Мæнæн тынг æхсызгон вæййы, — загъта уый, — мæ 'взарджытимæ куы фембæлын, уæд. Бæрæгбоныл нымайын мæ абоны фембæлд дæр сымахимæ. Цæмæй нæ ныхас дæрдтыл ма уа, уый тыххæй мæм нæ ахæм фæндон: раттут мæм, хъæу тынгдæр тыхст цæмæй æййафы, уый тыххæй фæрстытæ. Æз мæхимæ фæнысан кæндзынæн æмæ сæ уый фæстæ, кæдæм хъæуы, уырдæм фæхæццæ кæндзынæн. Уæ хорзæхæй, æфсæрмы ма кæнут... Мæн дæр уый тыххæй равзæрстат æмæ уын исты æххуыс фæуон...

Æз цæстыфæныкъуылдмæ балæвууыдтæн нæхимæ. Фыд хæдзары нæ разынд. Изæрæй фосы размæ ацыд. Æз ын зыдтон йæ дæгъæлты æвæрæн æмæ сæ уайтæккæ сæрдармæ фæхæццæ кодтон.

Мæн дæр депутаты урс «Волгæ»-йы сбадын кодтой æмæ семæ цадты 'рдæм фæраст стæм. Байгом сын кодтон дуæрттæ. Будзийы зæрдæмæ тынг фæцыдысты нæ цадтæ. Сæрдар æй сбадын кодта ну лодкæйы, радта йын æнгуыртæ æмæ уый дæр зæрдиагæй бавнæлдта кæсаг ахсынмæ. Спичкæйы къоппы йын бахастон уалæттæ дæр.

Æз цæрæнбон бирæ, æгайтма мын æй мæ зæрдыл æрлæууын кодтай. «Нæ библиотекæмæ хорз чингуытæ нæ ласынц...» «Дæ цæрæнбон бирæ, ацы аз мæ фæцæйрох кодта нæ классикты хуыздæр чингуытæй ну къорд рафыссын». «Абана нæм нæй...». «Дæ цæрæнбон бирæ, æгайтма мын æй мæ зæрдыл æрлæууын кодтай, базæйы мын зæрдæ куы бавæрдтой ног ваннæ сласынæй».

Уыцы фыстытæ бакæсгæйæ мæ маст ноджы тынгдæр рафыхт. Нæ бафынæй дæн суанг æнафонтæм. Райсомæй дæр скъоламæ ацыдтæн уыцы ученгмардæй.

...Уæдæй нырмæ бирæ рæстæг рацыд. Арæх фенын, горæты сæрмæ цы стыр дачæтæ аразынц, уырдæм йæ «Волгæ»-йы цæугæйæ нæ кæддæры депутаты. У фыццагау уыцы цардхуыз. Æз æй куы фенын, уæд та ноджы тынгдæр рамæсты вæййынц, æз та ноджы тынгдæр æмæ афтæ:

— Хуыцауы тыххæй, цал фæндаггаджы нын æвæрут, цал...

— Фæндаггаг нæу, — цингæнгæ йæм бадаргъ кодтон æз дæр йæ депутаты блокнот æмæ кæсæгты бедра.

Уый мæм фæлмæн йæ мидбылты бахудт, ныццин йæ хуыдзых кæсæгтыл, бедра мын уайтагъд мæ къухтæй райста æмæ мын арфæтыл схæцыд:

— Мо-ло-дец!.. Лæг дæ, æмæ дæ-хæ-дæг... Уыцы блокнот уадз дæхи-цæн... Гæх-хæттытæ бин-нрæ, сæйрагдæр хуы-дзых-тæ сты, хуы-дзыхтæ...

Æмæ дуар йæ фæстæ рахгæдта. Æз сагъдауæй баззадтæн. Депутатмæ ма йæ сырх блокнот бæргæ бадардтон, фæлæ уый йæ къух ауыгъта æмæ «Волгæ» асфальт фæндагыл размæ фæцагайдта.

Æз тынг мæстджынæй æрцыдтæн уыцы чзæр нæхимæ. Райгом кодтон депутаты блокнот æмæ дзы фæкомкоммæ дæн ахæм фыстытæм: «Æвзарджыты фиппаинæгтæ». «Нæ клубы сæр у ивинаг»... Иæ фарсмæ та фыст: «Дæ цæрæнбон бирæ, мæнæн дæр мæ дачæйы сæр — ивинаг, æгайтма мын æй мæ зæрдыл æрлæууын кодтай».

...ты, бæзджын æрфæрсты-
бын цы цъæх-цъæхид цæстыт-
тæ разгъор-базгъор кодтой,
уыдон хъавгæ æрхаста адæ-
мыл, арасгæ хуыфт скодта
æмæ нвазгæ хъæлæсæй рай-
дыдта йæ ныхас:

— Мæнæн тынг æхсызгон
вæййы, — загъта уый, —
ме 'взарджытимæ куы фем-
бæлын, уæд. Бæрæгбоныл
нымайын мæ абоны фембæлд
дæр сымахимæ. Цæмæй нæ
ныхас дæрдтыл ма уа, уый
тыххæй мæм нс ахæм фæн-
дон: раттут мæм, хъæу тынг-
дæр тыхст цæмæй кæнафы,
уый тыххæй фæрстытæ. Æз
мæхимæ фæнысан кæндзы-
нæн æмæ сæ уый фæстæ,
кæдæм хъæуы, уырдæм фæ-
хæццæ кæндзынæн. Уæ
хорзæхæй, æфсæрмы ма кæ-
нут... Мæн дæр уый тыххæй
равзæрстат æмæ уын исты
æххуыс фæуон...

Уайтагъд сарæх сты фæр-
стытæ.

Депутат дæр арф бафæл-
дæхта йæ дыстæ æмæ адæ-
мы хъæстытæ фыссын рай-
дыдта йæ сырх, бæзджын-
цъар блокноты. Æмæ йæм
цыма хуызы фæрстытæ лæ-
вæрдтой: «Нæ клубы сæр у
нивинаг...», «Нæй нæм аба-
на...», «Нæ нæм цæуы го-
дæн зæгъ (уый колхозы ны-
сæгты цадты тæсæй куыс-
та) æмæ кæд йæхæдæг уым
нæй, уæд дæгъæлтæ ам æр-
бамидæг кæн.

Æз цæстыфæныкъуылдмæ
балæууыдтæн нæхимæ. Фыд
хæдзары нæ разынд. Изæ-
рæй фосы размæ ацыд. Æз
ын зыдтон йæ дæгъæлты
æвæрæн æмæ сæ уайтæккæ
сæрдармæ фæхæццæ кодтон.

Мæн дæр депутаты урс
«Волгæ»-йы сбадын кодтой
æмæ семæ цадты 'рдæм фæ-
раст стæм. Байгом сын код-
тон дуæрттæ. Будзийы зæрд-
дæмæ тынг фæцыдысты нæ
цадтæ. Сæрдар æй сбадын
кодта ну лодкæйы, радта
йын æнгуыртæ æмæ уый
дæр зæрдиагæй бавнæлдта
кæсаг ахсынмæ. Спичкæйы
къоппы йын бахастон уал-
лæттæ дæр.

Уый мын фæлмæн ме
'уæхск æрхоста æмæ афтæ:

— Лæггаг дæ, лæггаг,
æмæ дзæбæхæй байрæз...

Æз мæхицæй тынг ныб-
бузныг дæн. Æмæ, искуы-
дæр ма нæ, депутат дæ йæ-
хæдæг афтæ раппæлæд...

Уалынмæ хъæуæй схастой
чъиритæ, бæгæны, арахъ,
алыхуызон ноз. Битъыр
Сæрдары æмæ депутаты
машинæтæ араст сты кæрæ-
дзийы фæдыл. Æз дæр ба-
внæлдтон фынтæ æфсна-
йынмæ. Уалынмæ дын кæ-
сын æмæ, нæ депутат кæм
бадт, уым стъолы бын куы
разынид, абондæргъы адæ-
мы хъæстытæ цы блокноты
фæфыста нæ уазæг, уый.
Йæ фарсмæ та — йæ ахст
хуыдзыхтæ чысыл бедрайы.

Æз айтæ-уыйтæ нал фæ-
кодтон, депутаты блокнот мæ
роны атъыстон, кæсæгты
бедра фелвæстон æмæ цæх-
гæрмæ азгъордтон хъæугæ-
рон фæндагмæ. Цалдæр
хатты дуртыл бакъуырдтон
мæ къах. Нывпырх уæрæ-
джы чъири дæр. Фæлæ, уы-
цы цæфтæ ницæмæ даргæйæ,
размæ згъордтон мæ тых, мæ
бонæй. Цы фæндыйæ дæр
сæ хъуамæ баййафон хидмæ
фæзилæны фæндаджы цур.

Æмæ уый мæ къухы æфт-
гæ дæр бакодта. Депутаты
«Волгæ» хинды цурмæ куыд,
дæр æрбахæццæ, афтæ йæм
мæ къух фæдардтон æмæ
уый дæр дзыхълæуд фæкод-
та. Мæ цинæн кæрон нал
уыд. Депутат мæм йæ сырх-
сырхид цæстытæй ракаст
черчесты Хъасболат.

Æмæ уый мæ къухы æфт-
гæ дæр бакодта. Депутаты
«Волгæ» хинды цурмæ куыд,
дæр æрбахæццæ, афтæ йæм
мæ къух фæдардтон æмæ
уый дæр дзыхълæуд фæкод-
та. Мæ цинæн кæрон нал
уыд. Депутат мæм йæ сырх-
сырхид цæстытæй ракаст
черчесты Хъасболат.

— Нæ хæдзар æгæр уы-
мæл у æмæ мыл ацы æнæ-
хайыры стæгниз стых ис.

— Уæдæ кæсдзæн иууыл-
дæр стæгнизæй рынчын
сты? — хъиц фарст акодта
йæ фыды чысыл Вовик.

* * *

— Дæхци, искуы хæрæг
уыдтæ?

— Никуы.

— Уæдæ Хъæвдын гæды
ныхæстæ кæны?

— Цæмæн?

— Хъæвдын афтæ, Дæх-
ци, дам, зæронд хæрæг у.

* * *

— Басыл, искуы лæджы
хъус ахордтай?

— Никуы.

— Уæдæ Хабос дæлæ уын-
джы лæгтæн афтæ куы
дзырдта, Басыл, дам, фын-
джы уæлхъус мæ цуры куы
фæбады, уæд дзы мæ хъу-
стæ ахæрынæй стæрсын.

Зындгонд нывгæнæджы ТЫ Чермен.

Дзедаты Адуге Мæхæмæты — хæларзæрдæ æмбалы, сыгъдæгзæрдæ адæймагимы — рухс ном никуы ферох 'уыдзæн, йемæ чи куыста, уыдонæй, йæ хæлæрттæ æмæ хионтæй.

Æмбæлтты къорд.

«СОЦИАЛИСТИЧЕСКАЯ ОСЕТИЯ» МЫХУЫР КÆНЫ

«Кæрæдзийы æмбарын — рацарæзты æнцой» — ахæм сæргонды бынмæ мыхуыргонд æрмæг Уралы ССР Цæдисы Президент, СЦКП-йы ЦК-йы Генералон секретарь М. С. Горбачевы фембæлдтыты тыххæй.

Уæлахизы 45 азы бонмæ фыст у В. Васильевайы очерк «Фембæлд азты фæстæ».

«Хæдзары æфсинæн — удæнцой» — афтæ схуыдта йæ репортаж Н. Масленников Орджоникидзейы электрон-техникон дзаумæтты заводæй.

Номыры — «Спортивон панорамæ», доцент Гаджиты Сергейы æрмæг, республикæйы царды ног хабæрттæ, æндæр уацхъуыдтау.

ДЗЫРДБЫД



Дзуаппыты «Æ» йедтæмæ æндæр хъæлæсон дамгъæ хъуамæ ма уа.

1. Гæдиаты Цомахъы æмдзæвгæ. 2. Бæлас, йæ хъæдæй кæнынц музыкалон инструменттæ. 3. Хосгæрдæн дзаума. 4. Хæдзарон фосы мыггаг. 5. Згъæр кæмæй исынц, зæххы ахæм хъацæн. 6. Æмбис. 7. Къаннæг хъæддаг сырд. 8. Суткæйы афон. 9. Къахы уæлфады хай. 10. Дыууæ галы ифтыгъдæй. 11. Цæгат Кавказы адæмы хæттытæй иу. 12. Лалым, къупри. 13. Уæрдоны хай. 14. Доны, цъымарайы цæрæгой. 15. Техникон культур. 16. Фосы мыггаг. 17. Секъайы æмдзæвгæ. 18. Хъæдгуыстгæнæн дзаума. 19. Раздæуæг, разамонæг. 20. Уæлдæфон нау скъæрæг. 21. Къостайы æмдзæвгæ. 22. Сугтæ æвæрæн бынат. 23. Æхсыры продукт. 24. Адаг, мæскъ. 25. «Хъæу Куырттаты комы. 26. Бæласы мыггаг. 27. Хæрыны афон. 28. Ирон адæмон зарæджы хъæбатыр. 29. Стыр кæсаг. 30. Лæбырд зæхх. 31. Автономон республикæтæй иуы цæрæг адæм. 32. Уымæл мит. 33. А. Фадеевы роман. 34. Дзонигъы хай. 35. Хохыл бахизæн. 36. Бесаты Тазейы уацау.

Сарæзта йæ

БАДРИАТЫ Никъала.

ДЗУАППЫТÆ

21 апрелы номыры мыхуыргонд дзырдбыдæн.

Фæрсырдæм: 6. Æндах. 9. Къуыдыр. 10. «Сæлимæт». 11. Фынг. 12. Фæлвæра. 14. Хæдз. 15. Малайзи. 17. Хъайсын. 18. Хъуыран. 20. Сæтæлæг. 24. Анод. 25. «Рохсанæ». 28. Радæ. 29. Сæлавыр. 30. Хъæдхой. 31. Аласа.

Бынмæ: 1. Хуыскъæл. 2. Зæрдæ. 3. Æхсыр. 4. Хъилхъус. 5. Хъуыдым. 7. Дзывыр. 8. Кæрдзын. 12. Фрайбергер. 13. Антарктидæ. 16. Идон. 17. Хæфс. 18. Хъæндæл. 19. Уæлдзарм. 21. Лабрадор. 22. Гандбол. 23. Айсана. 26. Отрар. 27. Ныхас.

ФУТБОЛ

Йæ фыццаг балц

Командæты уавæр ныртæккæ

Командæтæ:	Ахаздзыд:	Рамбылдта:	Æмдых:	Фæхæрд:	Пурттæ:	Очкотæ:
1. «Металлург»	5	4	0	1	9—3	8
2. «Геолог»	4	3	1	0	6—0	7
3. «Динамо» Ст.	5	3	1	1	7—4	7
4. «Шинник»	4	2	2	0	5—1	6
5. «Пахтакор»	5	2	1	1	8—7	6
6. «Кайрат»	5	2	2	1	4—4	6
7. «Локомотив» М.	3	2	1	0	7—3	5
8. «Нефтчи»	5	1	3	1	6—4	5
9. «Котайк»	3	1	2	0	4—1	4
10. «Зенит»	4	1	2	1	3—3	4
11. «Ростсельмаш»	5	1	2	2	6—8	4
12. «Таврия»	5	0	4	1	1—2	4
13. «Нистру»	5	0	4	1	6—9	4
14. «Спартак»	3	1	1	1	4—2	3
15. «Факел»	4	1	1	2	4—4	3
16. «Кубань»	5	1	1	3	2—10	3
17. «Тирас»	5	0	3	2	3—9	3
18. «Динамо» Сх.	3	1	0	2	1—3	2
19. «Кузбасс»	4	0	1	3	2—5	1
20. «Локомотив» Г.	4	0	1	3	2—8	1

Æндæрæбон Орджоникидзейы «Спартачы» фыццаг балц нæ фæрæстмæ. Уазæгуаты хъазыд Сухумы «Динамо»-имæ. æмæ йын фæхæрд 1:0 хыгъдимæ. Уыцы бон фыццаг къорды иннæ футболон командæты хъæзтытæ ахицæн сты афтæ: «Кубань» — «Котайк» — 1:1, «Нистру» — «Локомотив» — 2:2, «Металлург» — «Кузбасс» — 2:1, «Локомотив» Г. — «Пахтакор» — 2:2, «Факел» — «Кайрат» — 1:2, «Ростсельмаш» — «Динамо» Ст. — 1:3.

29 апрелы «Спартак» хъаздзæн Краснодары бынæттон «Кубань»-имæ.

НЫРЫККОН ЦАГЪАРТÆ

Китайаг фыдгæнджыты сусæг организацитæ фæзындысты XVIII æнусы. Уæд сæ нысан бынтон æндæр уыдис — маньчуриаг династинмæ тох кæныны. Фæлæ фæстæдæр йæ хæстæ фендæрхуызон сты. Ныртæккæ Китайаг хицауад карз тох кæны фыдгæнджыты организацитæ скуынæг кæныныл, уымæн æмæ уыдон базар кæнынц сылгоймæгтæй æмæ сабитæй, порнографийæ, наркотиктæй кæнынц контрабандон хъуыддæгтæ, хъазынц азартон хъæзтытæй. Фæстаг аст азы дæргъы æрмæст провинци Шаньдуны нырыккон цагъайрадæй ссæрибар кодтой 16 мин сылгоймаджы æмæ 9 мин сабийы.

АДÆМÆН ЗОНИНАГ

7-æм майы изæры æхсæз сахатыл кинотеатр «ОКТЯБРЬ»-ы

Уæлахизы 45 азы кадæн уыдзæн киноизæр. Йæ программæйы анвадон киноныв «СТАЛИНГРАД»-ы премьерæ.

Ист цæуынц коллективон заявкæтæ, уымæн æрмæджы 'хцайыл дæр, 1-æм майæ фæстæмæ билет балхæнæн уыдзæн рагагъоммæ. Хъуыддаг бæлвырддæр базоныны тыххæй бадзурæн нс ахæм телефонтыл: 3-45-71, 3-96-60.

* * *

1990 азы 9-æм Майы боны дыууæ сахатыл байтом уыдзæн, Ставд-Дурты фæсивæдæй хæсты чи фæмард, уыдонæн цыртдзæвæн. Уый фæдыл хъæуы цæрджытæ хонынц, кæй фæнды, уыдоны. Горæт Орджоникидзейæ Ставд-Дуртæм автобус араст уыдзæн боны 12 сахатыл Октябры 50 азы номыл фæзæй.

Редактор ХЪЕСАТЫ В.

Газет «Рæстдзинад»-ы куснджытæ хъыгзæрдæйæ тæфæрфæс кæнынц редакцийы хайады сæргълæуæг Бадриаты Никъалайæн йæ фыдыхо

ХЪÆСТУАТЫ Амынат

кæй амард, уый тыххæй.

362015 — ЦИАССР, г. Орджоникидзе, Тбилисы уынг, 98. «Мыхуыры хæдзар»

Телефонтæ:

- Редактор — 5-46-36, 5-45-27.
- Ред. хæдивджытæ — 5-55-89, 5-35-87.
- Бæрнон секретарь — 5-44-37.
- Бæрнон сек. хæдивджытæ — 5-46-39.

ХАЙÆДТÆ:

- Партион-идеологон куыст 5-45-36, 5-35-88.
- Советон куыст æмæ барад — 5-44-19, 5-35-88.
- Индустрион-экономикон — 5-45-31.
- Агропромышленнон — 5-37-97, 5-45-16.
- Культурæ, ахуырад, наукæ — 5-53-74, 5-44-33.
- Спорт, информацп — 5-35-92, 5-53-72.
- Писмоты, социалон рæзт — 5-44-57 5-63-19.
- Къамисæг, нывгæнæг — 5-56-50.
- Тæлмацгæнæг — 5-63-19.
- Корректортæ — 5-67-03.
- Изæрон редакцп — 5-35-71.
- Бухгалтери — 5-36-68.

Газет цæуы афæдз 250 хатты, къуыри та — фондз хатты.

Индекс — 53901.

1

ЕИ 01905. Бæрзонд мыхуыр. 1,86 мыхуырон сыфы. Тираж — 23.500

Заказ № 241.

СЦКП-йы Цæгат Ирыстоны обкомы рауагъдады типограф 362015, г. Орджоникидзе, Тбилисы уын. 98.